

AVI POU PWOPRIYETÈ YO

Objektif dokiman sa a se pou edike pwopriyetè sistèm echapman pou kizin komèsyal nan Vil New York yo sou règ ak règleman FDNY yo. Nou prezante enfòmasyon yo ki anba la a sou yon fòm kesyon ak repons. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan enfòmasyon yo apre ou fin li dokiman an, tanpri ale nan lyen sitwèb FDNY sa a pou jwenn plis enfòmasyon.

<https://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-commercial-cooking-exhaust.page>

- **KI MOUN KI GEN DWA NETWAYE SISTÈM ECHAPMAN KIZIN YO?**

Se anplwaye konpayi ki gen otorizasyon FDNY yo ka netwaye tout sistèm kondwit nan sistèm echapman an ak lòt pati nan sistèm nan ki sou ot la. Tout anplwaye ki sou sit la dwe gen yon W-64/P-64 Sètifika Aptitud (Certificate of Fitness, COF) yo te resevwa nan men Ponpye Vil New York. Tout anplwaye konpayi Netwayaj Sistèm Echapman Kizin Komèsyal dwe montre yon Sètifika Aptitud ki valid avan yo kòmanse netwaye nan biznis ou a. (Gade nan Kòd Dife Vil New York seksyon 901.6.3.3).

https://www1.nyc.gov/assets/fdny/pdfviewer/viewer.html?file=Chapter-09.pdf§ion=firecode_2014)

- **KONBYEN MWA YO TA DWE ENSPEKTE AK NETWAYE SISTÈM ECHAPMAN KIZIN NAN?**

Kòd Dife Vil New York la egzije pou yo enspekte ak newtaye sistèm echapman kizin yo, ak ot, flit pou grès, aparèy pou retire grès, vantilatè echapman, aparèy pou kontwole polisyon, ak lòt pyès ki ladan omwen yon fwa chak twa (3) mwa epi pi souvan “lè li nesèsè”. Yo dwe netwaye sifas yo jiska metal la. Yo dwe netwaye pòsyon enteryè vètinal ak kondwit vetikal eksteryè ki plis pase twa etaj nan wotè yo omwen yon fwa chak sis (6) mwa. (Gade nan Kòd Dife Vil New York seksyon 609.4.1).

https://www1.nyc.gov/assets/fdny/pdfviewer/viewer.html?file=Chapter-06.pdf§ion=firecode_2014

- **KONBYEN FWA YO TA DWE ENSPEKTE AK NETWAYE SISTÈM ECHAPMAN KIZIN KI ITILIZE APARÈY KIZIN AK KABIRAN SOLID?**

Yon moun ki te resevwa fòmasyon epi ki gen konesans sou li dwe **enspekte** ekipman kizin komèsyal ki itilize kabiran solid (bwa ak chabon) an, epi yon moun ki gen yon W-64/P-64 Sètifika Aptitud dwe **netwaye** li yon fwa chak twa (3) mwa. (Gade nan Kòd Dife Vil New York seksyon 609.4.1). https://www1.nyc.gov/assets/fdny/pdfviewer/viewer.html?file=Chapter-06.pdf§ion=firecode_2014

- **KISA POU MWEN FÈ SI SISTÈM ECHAPMAN MWEN AN SAL AK GRÈS AVAN PWOCHEN NETWAYAJ KI PWOGRAFE POU MWEN AN?**

Sa a se yon bon endikasyon ou bezwen fè netwayaj pli souvan, sa depann sou kantite ak kalite manje nou kwit nan biznis ou a.

Sonje w ap bezwen netwaye ase souvan pou bese risk pou gen dife, ansanm ak risk pou domaje pwopriyete ou oswa pèdi lajan. Chwa a se pa w, kòm yon pwopriyè biznis, ou dwe kenbe tout dosye netwayaj lè yon enspekte FDNY vini nan biznis ou a.

- **ÈSKE KONPAYI NETWAYAJ LA BEZWEN GEN EKIPMAN ESPEYAL POU FÈ TRAVAY LA?**

Konpayi netwayaj la dwe gen tout zouti, materyèl ak ekipman ki nesèsè pou antretyen ak netayaj, epi sa gen ladan echèl, ekipman netwayaj, ekipman pou grate ak lave, materyèl pou netwaye, ak machin ki gen non konpayi a ak nimewo konpayi FDNY la sou li. (Gade 3 RCNY §115-01) http://rules.cityofnewyork.us/sites/default/files/adopted_rules_pdf/115-02_commercial_cooking-pfe_proof_of_compliance_4-12-18_promulgation_final.pdf

TACH AK OBLIGASYON KONPAYI NETWAYAJ LA

Konpayi netwayaj la dwe fè netwayaj la ak pi bon mwayen li genyen epi tou li dwe kenbe dosye pou chak biznis li netwaye ak fè antretyen. An plis, kòm yon pati nan rekonesans FDNY yo, chak konpayi dwe soumèt alekri bay klyan yo yon lèt alekri ki di yo nenpòt bagay yo jwenn ki manke pandan y ap eseye netwaye sistèm echapman kizin jan yo oblije a. Yo dwe mete FDNY okouran sa ki manke yo tou.

Konpayi netwayaj ki pa mete nou okouran sa ki manke yo ka pinisnyon ki gen aksyon tankou sispansyon oswa yo ka anile lisans yo tou. Nenpòt viyèt antretyen yo mete nan nenpòt sistèm echapman yo jwenn netwayaj ki apwopriye a pa te fè pou nenpòt rezon, konpayi an dwe mete yon viyèt non-sèvis.

Konpayi antretyen an oblije mete yon viyèt sou yon viyèt ou youn oswa plis ot ki idantifye: konpayi antretyen an, adrès ak nimewo telefòn li, nimewo sètifika FDNY, moun ki gen Sètifika Aptitud la ki fè netwayaj la, ak dat netwayaj la te fèt. Konpayi antretyen yo ap responsab si yo pa mete viyèt apwouve FDNY la ki montre yo te fè netwayaj sou yon sistèm echapman kizin komèsyal, epi si pa gen yon viyèt y ap konsidere sa move kondwit. Donk, konpayi k ap bay viyèt sa yo ka **SÈLMAN** mete yo sou sistèm echapman kizin yo te fè antretyen ak netwayaj la selon kòd ki apwopriye yo. Konpayi antretyen yo dwe kenbe viyèt sa yo byen pou evite moun itilize yo mal.

Mèsi
FDNY